

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan nu judulna “Kandaga Kecap Busana Wanoja dina Rumpaka Kawih sarta Implikasina pikeun Média jeung Bahan Ajar Basa Sunda di SMA (Ulikan Ajén Palsapah jeung Léksiko-Semantik)” medar (1) kandaga kecap busana kabaya nu aya dina rumpaka kawih; (2) harti kandaga kecap busana nu aya dina rumpaka kawih; (3) ajén palsapah busana kabaya nu nyampak dina rumpaka kawih; jeung (4) implikasi kandaga kecap busana kabawa nu nyampak dina rumpaka kawih pikeun dijadikeun média sarta bahan ajar basa Sunda di SMA.

Dina ieu panalungtikan, tiori nu digunakeun pikeun mesék ajén palsapah dina busana wanoja (kabaya) nyoko kana karakter jeung watek urang Sunda dumasar konsép ajén palsapah atikan Sunda meunang Hidayat Suryalaga (2010). Pamarekan nu digunakeun dina ieu tulisan nyaéta pamarekan kualitatif kalayan déskriptip analisis salaku métodena. Anapon téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data digunakeun téhnik talaah pustaka, dokuméntasi, jeung wawancara. Instrumén nu digunakeun nyaéta kartu data jeung pedoman wawancara. Pikeun ngolah data, digunakeun téhnik analisis unsur langsung. Objék kajian dina ieu tulisan nyaéta 29 rumpaka kawih nu dijerona ngandung kandaga kecap busana kabaya sarta kumaha hubungan jeung kontéks tur situasi waktu kabaya digunakeun ku wanoja. Hasil panalungtikan nétélakeun 10 ajén palsapah kayaning (1) ajén kasaluyuan, (2) ajén karapihan, (3) ajén kaéndahan, (4) ajén kasopanan, (5) ajén kaguyuban (solidaritas), (6) ajén kasayagaan (saringset), (7) ajén kawibawaan, (8) ajén kabinekasan, (9) ajén réligius, (10) ajén kabasajanan.

Tina 29 rumpaka kawih kapanggih 50 kandaga kecap busana kabaya. Éta kandaga kecap kabaya nu jumlahna aya 50 didéskripsiéun sacara léksikal jeung maksudna dumasar pertélaan Wibisana, spk. (1995). Kandaga kecap busana wanoja (kabaya) nu jumlahna 50 sanggeus dipedar hartina dituluykeun kana medar ajén-inajén.

Ajén-inajén nu nyampak dina kandaga kecap busana kabaya nu nyampak dina rumpaka kawih tééla némbongkeun ciri atawa karakterna. Waktu wanoja ngagunakeun kabaya, aya karakter nu muncul. Contona waé waktu wanoja *parigel* nyurup-nyurupkeun pakéan, tuluy éta hal téh nuduhkeun kesan *merenah*, muncul *ajén kasaluyuan*. Sakumna ajén jeung ciri atawa watek nu témbong téh tééla aya hubunganna jeung konsép sarta aktifitas dipakéna busana kabaya ku wanoja. Busana kabaya salaku artéfak budaya, aya hubungana jeung barang-barang nu digunakeun ku wanoja ti jaman ka jaman.

Hasil tina maluruh ajén busana kabaya nu nyampak dina rumpaka kawih tééla aya kawih-kawih nu bisa diaransemén deui, tujuana pikeun jadi média pangajaran aprésiasi kawih. Rumpaka kawih nu dijadikeun bahan ajar tééla kudu luyu jeung karakteristik siswa, nyaéta karakteristik siswa SMA. Tina 29 rumpaka atawa kawih nu dijadikeun objék panalungtikan, nu luyu pikeun jadi média sarta bahan ajar aprésiasi kawih ngan 7 kawih. Salah sahiji kawih nu luyu jeung bisa dijadikeun média sarta bahan ajar aprésiasi kawih nyaéta kawih *Mojang Priangan*.

## 5.2 Saran

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan ajén palsapah busana wanoja-kabaya dina rumpaka kawih, aya saran-saran kayaning ieu di handap.

Saran ka guru diusahakeun waktu milih bahan jeung média ajar barudak atawa pikeun ngajar, kawih nu baris digunakeun ku murid kudu ngandung ajén-inajén. Upama murid dibiasakeun ngaprésiasi kawih kalayan rumpaka-rumpaka nu dijerona euyeub ku ajén-inajén bisa nambah pangaweruh jeung pangalaman nu leuwih pikeun murid. Ku seringna ngaprésiasi rumpaka tééla ieu hal gé bisa ngalatih murid bisa maké basa Sunda nu bener, merenah tur éndah. Guru ogé bisa nguji coba jeung nganalisis ngeunaan naon nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, dilarapkeun dina pangajaran di kelas. Upama ieu panalungtikan dianggap rélevan pikeun bahan informasi murid tééla bisa dijieun wangun anyar kayaning kamus kandaga kecap busana wanoja (kabaya), mading ngeunaan busana wanoja (kabaya), buku digital atawa wangun pdf ngeunaan busana wanoja (kabaya), *youtube* ngeunaan busana wanoja (kabaya). Kawih-kawih nu dijerona

ngandung kandaga kecap busana wanoja (kabaya) bisa dijieun pangajaran berbasis android.

Saran ka murid, dina lumangsungna pangajaran tétéla murid kudu parigel dina néangan sumber séjén pikeun bahan ngabandingkeun sakumna hal nu ditepikeun guru. Ieu hal taaya lian ti pikeun méré pangaweruh nu leuwih jembar tina pokok-pokok pasualan dina pangajaran. murid diperedih bisa méré maksud nu leuwih kana sakumna pangajaran nu ditepikeun ku guru. Ajén-inajén nu dibeunangkeun dina sakumna kagiatan pangajaran kudu méré pangalaman nu bisa nyieun parobahan dina sikep murid sangkan leuwih *ngaji diri*.

Pikeun pamaca sacara umum, naon nu ditétélakeun dina ieu tulisan masih heureut sarta pamaca diperedih macaan deui sumber séjén nu patali jeung ieu panalungtikan sangkan interprétasina bisa leuwih jembar. Diperedih bisa aya panalungtikan séjén nu aya hubunganna jeung ieu panalungtikan kyaning kajian semiotik jeung éstética dina busana kabaya nu nyampak dina rumpaka kawih nu tacan kaguar dina ieu tulisan.